Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 36 (7540)
8 сентябрь
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Данделъи

## ХIинкъи гьечIолъи букIинабиялда хурхун



Араб анкьалда райадминистрациялда букIана школазда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда хурхун школазул директоразул заместителазул данделъи.

Къойил темаялда букIана лъай кьеялъул организациязда лъималазе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялде.

Данделъи бачана муниципалитеталъул бетIерасул зам. М. ХIамзатовас. Гьенир гIахьаллъана РДялъул МВДялъул вакил, Унсоколо районалъул ОМВДялъул нач. Э. МухIамадов, районалъул рагъулав комиссар М. Гъапуров.

ДандчIвай рагьулаго М. ХIамзатовас тIадчIей гьабуна гьоркьор лъолел ругел аслиял суалазда. Гьес бихьизабуна тIоцебесеб кIвар масъала жакъа бугин лъималазе хIинкъи гьечIолъи букIинаби. Гьеб чIезабиялде кIвар буссинабуна школазул жавабиязул.

Гьединго дандчIваялда кIалъана МВДялъул вакил. Гьес бихьизабуна киса-кирего тIоритIизе ругин школал хIадуриялъул ва кинаб букIаниги провокация бугищали. «Нилъер аслияб масъала ккола кинаб бугониги квешабщиналде даде къеркьей. Гьединлъидал гьарула, кIвар кье нужерго тIадал ишазде, намус бацIцIадго тIуразаре гьел!,-ян.

Хъаравулзабазул хIалтIулъ ругел гIоларел рахъазда тIадчIей гьабуна Э. МухIамадовас. Гьес хъаравулзаби ахIана камера хваниги яги цогидабги лъималазе хIинкъи букIиналъул хIужаби тIатани хехал тадбирал гьаризе.

## Аппараталъулаб совещание

5 сентябралда Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана иргадулаб аппараталъулаб совещание. Гьенир гIахьаллъана администрациялъул хIалтIухъаби, отделазул нухмалъулел, Унсоколо росдал ва Шамильхъала поселокалъул бутIрул.

Улкаялда пачалихъиял программабазул, проектазда гIахьаллъиялъул, гьединго районалъул территориялда ралел бакIазул хIакъалъулъ бицана муниципалитеталул бетIерасул заместитель Хъ-М. ГIабдулхаликъовас. «ГьабсагIаталда бан рагIалде рахъинаризе хутIун руго 5 объект. Гьезда гьоркьоб бищунго кIвар цIикIкIараб буго жиндир заманалда бан рагIалде бахъинабизе ва хIалтIизабизе кьезе кколеб Унсоколо балеб бугеб яслиахалъул мина. Гьелде буссинабизе ккола тIолабго кIвар»,- ян абуна ХъарамухIамад ХIажиевичас.

(Ахир 2 гьумералда)

Лъай кьей

## Кьабуна тIоцебесеб цIумур




I сентябралда районалъул киналго росабазул школазда лъималазе кьабуна тIоцебесеб цIумур. Лъаязул къоялда хурхун Майданское росулъ тIоцебесеб цIумур кьабулеб рохалилаб линейкаялда гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовги. Гьединго хIурматиял гьалбаллъун рохалилаб данделъиялда рукIана районалъул прокурор ГIабдулрагьим Маликов, Россиялъул Дагъистаналда бугеб районазда гьоркьосеб № I0 налоговияб инспекциялъул нухмалъулев ХIажи ХIажиев, районалъул пенсионияб фондалъул начальник АхIмад АхIмадов ва цогидалги.

Гьеб къоялъ гIемерал хинал рагIаби абуна лъималазул ва педагогазул цIаралда. Данделъаразда цеве кIалъалаго эменалги кIудиял эбелалги. Жакъа дие хасго тIадчIей гьабун баркалаялъул рагIаби абизе бокьун буго педагогазда – гьезул свак гьечIеб хIалтIухъ, профессионализмалъухъ, рухIиябгIамалхасияталъухъ, щайгурелъул гIемерисеб нилъер букIинесеб бараб буго гьезда.



районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас цIикIкIараб кIвар кьуна жакъа школалъул азбаралде тIоцебесеб нухалъ лъугьунел ругел гIисинал цIалдохъабазде хасаб кIвар кьезе ккеялда, гьезие учительзабазул ва эбел-инсул кумек кутакалда хIажат букIиналда. «Кьабуна тIоцебесеб цIумур нилъер гьитIичазе, исана школа лъугIун унезе гьаб цIумуралъул буго кIудияб кIвар, щайгурелъул гьезие байбихьула жидерго букIинесеб г1умруялъул нухалъул, тIаса бищизе бугеб махщалие кьучI лъолеб сон. Щибаб цIумур кьабиялда лъималазда цадахъ рахIат хун рукIуна эбел-эменги, кIудиял Нужеда, хириял учительзаби битIахъего тIаде ккола гьезул букIинесеб, гьезул гIумруялъул нух, кинал гIадамаллъун гьел рахъинел, щиб пайда гьез районалъе, республикаялъе ва тIубараб улкаялъего босун бачIинебали!,-ян абуна ГI. МухIамадовичас.

Гьединго гьеб къоялъ «Собери ребенка в школу» акциялъул рамкаялда жаниб районалъул бетIерас ва гьалбадерица дагьго хьезарурал хъизаназул лъималазе сайгъат гьаруна портфелал, цIалул алатал. Гьединаб кумек щвана нилъер районалъул росабалъа кинавниги II5 лъимадуе.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 36 (7540)
Хамиз
8 сентябрь 2022 сон



«Россети Северный Кавказ» – «Дагэнерго» филиалалъул директор Максим Долгополёв хIалтIулаб сапаралъул рамкаялда жанив дандчIвана Дагъистан Республикаялъул Центра управления регионом (ЦУР) нухмалъулев Султан ГIабдулрагьимовгун.

Гьел кIиязго данрана токалъул захIмалъабазул бицун цере рахъунел гIадамазулгун дандчIваял тIадегIанаб даражаялда рукIине ккеялъул. «Нилъее чара гьечIого хIажат буго гражданазул гьединал хитIабал тIуразариялъе жанисеб регламент гIуцIизе»,-ян абуна дандчIваялда

# «Религия против насилия» конференция



Гьал къоязда Махачхъала шагьаралда тIобитIана «Религия против насилия» конференция, гьеб хурхараб букIана терроризмалде данде чIеялъе цолъиялъул Къоялда. Конференция гIуцIараллъун цере рахьана Дагъистан Республикаялъул миллияб ва диниял ишазул рахъалъ Министерство.

Конференциялда гIахьаллъи гьабуна Унсоколо районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатовас. Данделъи рагьулаго Республикаялъул миллияб ва диниял ишазул рахъалъ министр Энрик Муслимовас тIадчIей гьабуна нилъер улкаялда ва Дагъистаналда терроризмалъул ва экстремизмалъул идеологиялде данде рагъ гьабиялъе диналъул кIудияб кIвар букIиналда. «Нилъер республикаялъул лъабабго аслияб конфессиялъ исполнительнияб власталъгун цадахъ, битIараб нухде гIадамал рачиналъе, гIолеб гIелалъе диниябгун рухIияб тарбия кьеялъе, патриотизмалде гIадамал ахIиялъе гIемераб хIалтIи гьабуна»,-ян абуна министрас.

Гьединго Энрик Муслимовас бихьизабуна нилъер республикаялде къойидаса-къойиде цIикIкIунеб бугин туристазул рачIин,- абун. Гьелъ бицуна гьезие хIинкъи гьечIолъи нилъер гьаниб букIине кколеб даражаялда цIунун букIиналъул.

Районалъул бетIерасул зам. М. ХIамзатовас бицана муниципалитеталъул властаялъул органаз экстремизмалъулгун терроризмалъул идеологиялде данде гьабулеб бугеб хIалтIул, тIадчIей гьабуна терроралде данде чIеялъул комиссиялъ тIадеги гьарулел ругел хIалтIабазда, гьабулеб бугеб адресниябгун профилактикияб хIалтIулги бицана бетIерасул замас.

Гара-чIвари ккана лъай кьеялъул организациязул экстремизмалъулгун терроризмалъул идеологиялдаса гIолеб гIел цIуниялда бугеб кIваралда тIасанги. Гьебго темаялда кIалъазе вахъана Дагъистаналъул Муфтиясул зам. АхIмад МухIамадовги.

Конференция къалаго гIахьаллъараз цоцазе кьуна гIемерал суалал, бицана жидерго пикрабазул ва бихьизабуна кидаго цоцазе кумекалъе хIадур рукIин.

Ралел бакIал

# ХIалтIулаб сапаргун

5 сентябралда хIалтIулаб сапаргун районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов щвана Унсоколо росулъе.

БетIерасда цадахъ сапаралда рукIана: зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъов, росдал бетIер ХI. ГIабдулаев, муниципалитеталъул бетIерав архитектор ХI-М. ГIабдурахIманов подрядниялгун субподрядниял организациязул нухмалъулел. Гьел щвана Унсоколо росулъ балеб бугеб ясли-ахикье.

Балеб бакIалда районалъул бетIерас подрядниялгун субподрядниял организациязул нухмалъулел ахIана жиндир заманалда, ай 20 декабралде объект хIалтIизабизе кьеялде.

**(Ахир 4 гьумералда)**

# Аппаратальъулаб совещание



«Мои дороги, мой Дагестан» проекталда рекъон балеб буго 2 объект, гьелъул цояб гьанжеялде 50 проценталъ лъугIун буго. Хъ-М. ГIабдулхаликъовас гьединго бицана районалда налогал ракIариялъул бугеб хIалалъулги. «Гьаб соналъул I сентябралда районалда налогал ракIариялъул план тIубан буго I05,9 проценталъ»,-ян бицана кIалъазе вахъарас.

Районалъул администра-циялъ инвентаризациялда ва коммерческиял объектазул хал гьариялъе гIуцIараб комиссиялъ, гьединго неформалияб занятость гIодобе ккезабиялъе гIуцIараб комиссиялъгун цадахъ гьабураб хIалтIул бицана гьелъул председатель ГIумархIажи ГIумаровас. Гьесул рагIабазда рекъон комиссиялъ хасаб кIвар кьолеб буго туризмалъул объектал хал гьариялда тIад. Хасаб бербалагьиялда гъоркь букIинабулеб буго гIаммаб квана-гьекъеялъул, гьалбал къабул гьарулел рукъзабазул, гьезие хъулухъ гьабиялъул качество букIинабиялъул. Хал гьариялъул хIасилалда тIатинаруна регистрация гьечIого хIалтIулеб батараб 2 гьалбал къабул гьарулеб рукъ.

Совещаниялда хъатIана спортивиял тадбиразда, регионалиялгун республикаялъул тадбиразда гIахьаллъиялда, лъай кьеялда, сахлъи цIуниялда, росдал магIишаталда, гIолилазул политикаялда, туризмалда, культураялда, СМИялда хурхарал ва цогидалги суалазда.

Киналго суалазда тIасан профельниял отделазул нухмалъулез бицана жидецаго гьабураб хIалтIул. Данделъиялда районалъул администрациялъул бетIерас лъай-хъвай гьабуна ЕИСалъул тарав цIияв нухмалъулесулгун. Гьев ккола цеве районалъул опекаялъулгун попечительствалъул отделалда хIал-тIулев вукIарав ГIусман Мусаев. ГI. НурмухIамадовас гьесие цIияб хIалтIуда цIиял-цIиял бергьенлъаби гьарана.

# ХIисаб кьуна



Аппаратальъулаб совещаниялда 202I соналда жидецаго гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна Унсоколо росдал бетIер ХI. ГIабдулаевас ва Шамильхъала поселокалъул бетIер М-ХI. ХIажиевас. Жидерго кIалъаязда гьел хъатIана пачалихъиял программабазда гIахьаллъиялда, миллиял проектал гIумроялде рахъинариялда, мусор баччиялда, лъедалъун хьезариялда ва цогидалги суалазда.

ТIоцеве докладгун кIалъазе вахъана Шамильхъала поселокалъул бетIер М-ХI. ХIажиев. Гьес тIадчIей гьабуна 202I соналда гьарурал хIалтIабазда, дандчIвалел ругел захIмалъабазда. Бицана 2, 4, I3, I9, I9а, 20 рукъзабазда цере санагIалъби гьариялъул, 2I рукъалда цебе санагIатаб лъималазул площадка гьабиялъул. «Гьединго чанго рукъзабазе гьабуна ремонт, хисана лъел трубаби, хIалтIаби гьаруна къватIазда канлъи чIезабиялда, гьел гIурччин гьариялда, гьекъолеб лъел рузервуаразда сверухъ щулалъаби гьариялда»,-ян абуна докладчияс.

Гьединго совещаниялда кIалъазе вахъана Унсоколо росдал бетIер ХI. ГIабдулаевги. Гьесул рагIабазда рекъон гIумроялде рахъинарулел руго росулъ лъим чIезабиялъул, мусор баччиялъул, цогидалги санагIалъаби гьариялъул суалал. Росулъ батIи-батIиял тадбирал тIоритIизе къачIан буго клуб. Ремонт гьабуна росулъ бугеб аслияб лъим бачунел трубабазе, хисана гьел. БакIазде ун лъазаруна цогидал росабазулгун ругел ракьазул гIорхъалаби. ГIемер гьарула спортивиял къецазда бергьаразулгун дандчIваял, тIоритIула школазул олимпиадаби. Гьарула гьединго диниял гIадамазгун цадахъ гIолеб гIелалъе бичIчIи кьеялъул хIалтIаби. Федералиялгун республикаялъулал программабазда гIа-хьаллъиялъе хIадурун руго документациял, гьездаго гьоркьоб авариялъулал бакIаздаса гIадамал гочиналда хурхун суалалда тIад хIалтIулел руго.

ЗахIматаблъун росдал бетIерас рикIкIана росу лъедалъун хьезабиялъул суал. Гьесул рагIабазда рекъон гьекъолеб лъим росулъ соналдаса соналде дагьлъулеб буго, гьединлъидал суал кIванагIан хехго тIубазабизе ккола,-ян абуна ХIабиб ГIабдулаевас.

КIиявго бетIерасул хIисаб кьеялъухъги гIенеккун районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов разилъана гьез жидерго жавабкьеялда гъоркь бугеб Унсоколо росулъ ва Шамильхъала поселокалда гIемераб хIалтIи гьабун букIиналда

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 36 (7540)
Хамиз
8 сентябрь 2022 сон







# Обучение + Воспитание = Образование



Образование – это, как правило, результат умелой работы по обучению и воспитанию. И одно без другого не даст нужных плодов, результатов. Вопросам духовно-нравственного воспитания подрастающего поколения, патриотизма современной молодежи в Унцукульском районе уделяется огромное внимание.

Особенно если учесть, в каких реалиях растут современные дети.

Именно поэтому этой теме так много внимания уделили и на прошедшем на днях августовском совещании педагогов Унцукульского района. Мы решили дать несколько докладов, посвященных воспитанию школьников, отдельно. Поскольку вопрос действительно важный и актуальный.

Одним из тех, кто занимается не только тренировкой ребят, но и в первую очередь, воспитательной работой является заслуженный тренер России по вольной борьбе, заслуженный работник физической культуры, мастер Спорта СССР по вольной и национальной борьбе, заслуженный тренер РД и РФ, заслуженный работник и ФК и Спорта РД, национальной герой Дагестана, директор ДЮСШ пгт. Шахбанов Тагир Тагирович.

В своем выступлении на августовском совещании он подчеркнул, что воспитание детей –это первостепенная, приоритетная задача. И никакие звания чемпионов, даже Олимпийских игр, не должны быть ни для кого важнее звания «человек».

«Я работаю с детьми уже 35 лет и прошел через многое. И сегодня я могу совершенно точно сказать: педагог, руководитель должен быть в первую очередь сам лично патриотом своей Родины. Мы сами должны подавать нашим детям пример. Пример патриотизма, человечности, правильных ценностей.

Сегодня мы проживаем очень тяжелые времена. Мало родителей уделяет внимание воспитанию детей. Они готовы бросить все на плечи педагогов. Поэтому сегодня педагогом очень сложно. Но они должны взращивать в воспитанниках патриотизм, гуманность, человечность.

За время работы в Унцукульском районе мы провели немало встреч с главами сельских поселений, района, других районов и городов, чемпионами мира и страны. Потому что мы хотим, чтобы новому поколению было с кого брать пример. Чтобы спустя годы они пришли к нам и сказали СПАСИБО за то, что вырастили из меня человека. И ничего, что я не стал Олимпийским чемпионом.

Если нет воспитания – нет знаний, запомните это. Истинное знание и воспитание всегда ходят рядом», - отметил Тагир Тагирович.

Тему патриотизма, правильных ценностей в современных реалиях, а также тему нагрузки, которая в этих условиях ложится на плечи классных руководителей, затронул в своем выступлении заместитель по воспитательной части УСОШ №2, председатель Общественной Палаты Унцукульского района Абдулаев Магомед Бадиевич.

Он отметил, что нашем мире сегодня происходят большие и серьезные изменения. Во всем западном мире происходит переоценка ценностей: возрождаются фашизм и нацизм, пропагандируются однополые отношения, в духовной жизни происходят антиестественные процессы, такие как пропаганда сатанизма, атеизма и пр.

«Поэтому воспитание и пропаганда у подрастающего поколения традиционных ценностей – первостепенная задача педагогов и родителей на сегодняшний день. Главным звеном в этом процессе воспитания нового поколения считаю классных руководителей. Новая модель работы классруков должна объединять в себе работу воспитателя, наставника, друга, психолога, навигатора, интегратора, новатора, медиатора, наставника.

Нужно воспитывать ценности гуманитарной культуры в детях, духовности и нравственности, создать условия для развития ребенка, как субъекта культуры. Ребенку нужно оказывать помощь и для раскрытия его творческого потенциала. И во всем этом компетентность классного руководителя действительно имеет большое значение.

Классный руководитель – это организатор, психолог, поддерживающий, социальной организатор. И на его плечи ложится ответственность за воспитание детей. Я желаю всем педагогам большого терпения, профессионализма в этом нелегком, но таком благородном деле, и крепкого всем здоровья!», - сказал в завершение Магомед Бадиевич.

# День солидарности в борьбе с терроризмом отметили в Унцукульском районе

Пока человек чувствует чужую боль, он остается человеком. Каждый год вся страна вспоминает страшную бесланскую трагедию, в которой погибло 333 человека. В том числе 186 детей…

Сегодня, 6 сентября, в административном зале Унцукульского района состоялось мероприятие, посвященное Дню солидарности в борьбе с терроризмом. И несмотря на то, что в этот день со сцены звучали стихи и песни, сидевшие в зале пролили немало слез: все до единого выступления были посвящены сентябрьскому теракту в городе Беслан.

Участие в мероприятии приняли глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов, почетный гражданин Унцукульского района, заместитель директора Национальной библиотеки Республики Дагестан Магомедрасул Магомедрасулов, заместитель директора Лезгинского драматического театра Эминат, Сакина Магомедова, артисты Лезгинского драмтеатра, представители администрации муниципалитета, учащиеся школ и многие другие.

Открыл и вел программу начальник отдела культуры Али Абдулаев. Он назвал 3 сентября особой датой, потому что именно в этот день вся Россия отмечает День солидарности в борьбе с терроризмом. «Дорогие друзья! От каждого из нас зависит спокойствие нашего района, жизнь и безопасность наших родных, детей. И главное наше оружие – это преданность, сплоченность, неравнодушие. Я выражаю искренние соболезнования всем, кто потерял близких от рук террористов. И выражаю благодарность всем, кто участвует в борьбе с терроризмом. Пусть в нашей стране всегда будут спокойствие и процветания! Мира и благополучия!», - сказал Али Магомедович.

Выступил на торжественном мероприятии и глава Унцукульского района Иса Нурмагомедов. Он отметил, что ради достижения своих целей террористы готовы пойти на все, даже на убийство детей. «Террористы не признают никаких законов: ни государственных, ни моральных. Они гнусно идут к своей цели, уничтожая все на своем пути. И проблема эта – глобальная. Ни одна страна в мире не защищена от терроризма полностью. Никогда не забывайте, что мир – очень хрупок. И его надо беречь. Никогда не забывайте жертв бесланского теракта», - сказал Иса Магомедович. Он также подчеркнул, что в сегодняшних реалиях, когда наша страна проводит специальную военную операцию на Украине, День солидарности в борьбе с терроризмом особой болью отзывается в сердце. Ведь сегодня там, на передовой, наши солдаты решают глобальные задачи по борьбе с нацизмом и терроризмом.

Выступили со сцены и гости мероприятия. Он отметил, что Унцукульский район – один из самых богатых на героев, храбрых, отважных выходцев, которые мужественно защищают интересы своей Родины. Он подарил муниципалитету реквизиты исторической значимости: две гильзы со Сталинградской битвы, а также медаль, которой награждали всех участников ВОВ. Оба сувенира перейдут в собственность музея Унцукульского района.

Чемпионка по тхеквондо и мастер спорта по стрельбе из лука Сакинат Магомедова обратилась к молодежи Унцукульского района с просьбой всегда беречь и любить Родину. «Займитесь спортом, полезным делом, не тратьте свою жизнь на ерунду, никогда не знаешь, когда она может оборваться. Пусть у вас будут достойные цели, которые вы будете достигать!».

Далее программа продолжилась выступлениями учащихся школ, а также артистов Унцукульского района и артистов Лезгинского драматического театра. О них мы напишем в следующих публикациях.

# Баркала цIа свинабуралъухъ



ГьабсагIаталда кIудияб кIвар кьолеб буго школазда, школазда цересел учрежденияздагун организациязда хIинкъи гьечIолъи цIуниялда тIад. КигIанго цIодорго рукIинин кканиги кколел руго цо-цо нилъеда рачIел гIиллабаздалъун балагьал ишал ккеялъул х1ужабиги. Гьедин ккезе бахъана гьаб соналъул 2 сентябралда Унсоколо № 2 школалда. РакIалдаго гьечIого, букIине бегьула гьеб багIариялъул хIасилалда школалъул азбаралда бугеб трансформаторалда аскIоб пирхана цIа. Рес букIана гIемераб гIарацги кьун босараб трансформаторалда цIа пархине, гьеб мехалъ ккезе букIараб заралалъул бицун хIал кIвеларо. Цо талихIалъего гьеб бихьана хIинкъи гьечIолъиялъул рахъалъ директорасул зам. МухIамадханов ГIабдулагьида ва ОБЖялъул учитель МухIамадгIалиев Шамилида. Гьел кIиязулго ва чIахIиял классазул цIалдохъабазул хIаракаталдалъун, цо кIудияб заралго ккечIого кIвана цIа свинабизе. ЦIа свинабулаго харж гьабуна цIа свинабиялъе хIалтIизарулел 25 гIанисеб баллон.

Бокьун буго авалалъул гIадамазул, цIалдохъабазул эбел-инсул, учительзабазул рахъалдасан ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе балагьаб иш нахъчIваялъе кумекалъе ратарал гьел гIолохъабазе ва гьезие кумекалъе рачIаразе. Аллагь разилъаги нуждаса!

**ГIабдулаев МухIамад Бадиевич**

# ХIалтIулаб сапаргун



Гьеб гуребги ГI. МухIамадови часрагIи кьуна, ракIалда гьечIел захIмалъаби дандчIвани гьел лъугIизариялъе кIвараб кумек гьабизе бугилан, щайгурелъул лъималазда хурхараб кинаб букIаниги суал гьесие тIоцебесеб кIваралъул букIиналъ. ТIадехун рехсовухъе объект бан лъугIизабизе ккола гьаб соналъул 20 декабралде. ГьасагIаталда гьениб унел руго гIиси-бикъинал хIалтIаби, ДОУялде гъоркье кколеб территориялда санагIалъаби гьари.

I20 лъимадуе бакI бугеб ясли-ахалъул мина балеб буго «Демография» нацпроекталда рекъон. Заказчиклъун гьелъул ккола «Дирекция Единого государственного заказчика-застройщика» организация, Генеральний подрядчик ккола «ГВСУ № 4», субподрядчик – ООО «Родник».

Спорт

# Бергьенлъи баркула




26 августалда Казань шагьаралда рагIалде рахъана къуватал спортсменазул ТIолгороссиялъул спартакиада. Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер ракьцояв ГIарип ГIабдулаевасги. Гьениб ГIарипица босана иргадулаб бергьенлъи, гьедин машгьур гьабуна районги, республикаги, улкаги.

Къецазда гIахьаллъулел рукIана бищунго къуватал спортсменал, гьениб ГIашилтIа росулъа ГI. ГIабдулаевас ккуна лъабабилеб бакI.

Халкъазда гьоркьосел, ТIолгороссиялъул ва республикаялъул чемпион ГI. ГIабдулаевас бихьизабуна спортсменазда гьоркьов гьев лъикIаздасан цояв вукIин.

Нижеца ракI-ракIалъ баркула ГI. ГIабдулаев, Дуда бергьенлъи, гьарула спорталъулъ жеги тIадегIанал бергьенлъаби!

Унсоколо район чIухIула дудаса!

# Комиссиялъ хал гьариял тIоритIана



Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул тIадкъаялда рекъон, муниципалитеталъул администрациялда цебе гIуцIараб комиссиялъ хал гьабуна Майданское росулъ «Мой Дагестан – мои дороги» проекталда рекъон гьабулеб хIалтIул иналъул.

Комиссиялда гIахьаллъана: районалъул бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъов, бетIерасул кумекчи ГI-ХI. ГIумаров, райадминистрациялъул бетIерав архитектор ХI-М. ГIабдурахIманов. Комисиялда дандчIваялда гIахьаллъана: Майданское росдал бетIер АбулхIасан НурмухIамадов, росдал актив, подрядчиказул вакил.

Гьедин, хал гьарулел рукIана регионалияб «Мой Дагестан – мои дороги» проекталда рекъон бакIалъулаб кIваралъул машинаби хьвадулеб нухал къачIаялъул иналъул, гьединго халгьариял тIоритIана Майданское росдада жанисан ругел 2 къватIалъе ремонт гьабиялъулги. Жакъа къоялде нухал къачIаялъул план тIубан буго 55 проценталъ. Гьелдаго цадахъ унел руго хIалтIаби тIадехун рехсарал нухазда лъим чIезабиялдаги.

Гьеб гуребги хIалтIулаб сапаралда комиссиялъул членаз хал гьабуна ва малъахъваял гьаруна Шамильхъала поселокалда ва Рихьуни росулъ газ бачиналда хурхунги. Гьеб проект гIумруялда бахъинабулеб буго РДялъул пачалихъияб «Развитие промышленности и повышение ее конкурентоспособности» проекталда рекъон. Жакъа къоялде гьелъулги 40 процент хIалтIул тIубан буго.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 7 . 9. 2022 г.
15.50
фактически -14. 20 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.